

Konbyen kòb mwen dwe peye?

Yo detèmine rabè yo selon kalkil sou revni ki dekri anwo a. Ou ka peye \$0 si revni w se 600% oswa mwens selon nivo povrete federal la (Federal Poverty Level, FPL) epi ou satisfè tout lòt kalifikasyon yo pou elijiblite.

Konseye finansye nou an pral ba w detay yo konsènan rabè presi w(yo) yonfwa yo fin trete aplikasyon w lan.

Ki jan pou m fè jwenn rabè a?

Ou dwe ranpli yon aplikasyon. Depi nou jwenn enfòmasyon sou rezidans ou, revni w, ak gwosè fanmi w, nou ka travay sou aplikasyon w lan pou jwenn yon rabè.

Ou ka aplike pou yon rabè anvan ou genyen yon randevou, lè w vin nan lopital la pou resevwa swen, oswa lè fakti a vini nan lapòs. Voye fòm ou fin ranpli a nan nenpòt nan lokal ki site anwo a.

Pasyan yo pral genyen omwen desan karant (240) jou apati dat sèvis la oswa dat egzeyat la pou yo aplike pou asistans finansye.

Pasyan yo pral genyen omwen yon lòt ven jou apati dat yo resevwa materyèl pou aplikasyon an nan men lopital la pou yo bay enfòmasyon an.

Ki jan m ap fè konnen si yo apwouve m pou rabè a?

Lopital la pral voye yon lèt ba w nan espas 30 jou aprè ou fin ranpli epi soumèt aplikasyon an, pou fè w konnen si yo te apwouve w epi pou ki nivo rabè ou kalifye.

E si m resevwa yon fakti pandan m ap tann pou m konnen si m ka jwenn yon rabè?

Ou pa oblije peye yon fakti lopital pandan y ap konsidere aplikasyon w lan pou yon rabè. Si yo pa apwouve aplikasyon w lan, lopital la dwe fè w konnen poukisa alekri poukisa yo pa apwouve l epi li dwe ba w yon mwayen pou fè apèl a desizyon a nan yon nivo ki pi wo nan lopital la.

E si m gen yon pwoblèm mwen paka rezoud avèk lopital la?

Ou ka rele liy pou pote plent nan Depatman Sante Leta New York nan 1-800-804-5447.

**Long Island
Community Hospital**

**Rezime
sou asistans
finansye**

Long Island Community Hospital
Asistans finansye/ politik sou swen charite
Dat li anvigè ???
Dat li revize??
Dat yo egzamine l ??

Long Island Community Hospital rekonèt genyen moman kote pasyan yo ki bezwen swen pral genyen difikilte pou yo peye pou sèvis yo ba yo. Lopital la bay rabè pou moun ki kalifye selon revni yo. Anplis de sa, nou ka ede w aplike pou asirans gratis oswa nan yon bri ki ba si w kalifye pou sa. Senpleman kontakte youn nan biwo konseye finansye nou yo nan lokal sa yo ki pratik pou jwenn asistans ki gratis, konfidansyèl.

**Long Island
Community Hospital**
101 Hospital Road
Patchogue, NY 11772
631-654-7100

Pou plis enfòmasyon?

Vizite www.licomcommunityhospital.org epi gen aksè nan opsyon “Billing Information” ki nan onglè “For Patients and Families”. Epi tou ou a eskane kod QR ki anba a:



Kiyès ki kalifye pou yon rabè?

Asistans finansye disponib pou pasyan ki gen revni limite ki pa gen asirans medikal oswa ki te epuize benefis asirans medikal yo a. Tout rezidan Leta New York ki bezwen sèvis ki medikalman nesèsè epi tout moun ki bezwen sèvis nan kadrijans nan nenpòt nan lopital nou yo. Yo paka refize ba w swen ki medikalman nesèsè paske ou bezwen asistans finansye. Ou ka aplike pou yon rabè kèlkeswa estati imigrasyon w.

Ki limit yo fikse pou revni?

Montan rabè a varye selon revni w ak gwochè fanmi w. Si w pa gen asirans medikal, ou te epuize benefis asirans ou yo, ou te depanse pou franchiz, kopeman oswa ko-asirans, kidonk tanpri vizite sitwèb nou an oswa nivo povrete federal leta New York ki pi resan an (Federal Poverty Levels, FPL) epi gade ki rabè ki aplikab pou ou selon nivo revni w ak gwochè fanmi w.

E si mwen pa satisfè limit revni yo?

Si w paka peye fakti w la, lopital la ka ofri w yon plan pèman. Montan ou pral peye a depann de revni w men nan okenn ka li pa pral depase 10% nan revni mansyèl brit ou.

Èske yon moun ka eksplike rabè a?

Èske yon moun ka ede m aplike?

Wi, gen èd gratis konfidansyèl ki disponib. Rele depatman sèvis finansye pou pasyan nou an nan 631-687-4653.

Konseye finansye a ka fè w konnen si w kalifye epi l ap ede w aplike pou asirans ki pa koute chè, tankou Medicaid oswa yon plan nan mache asirans Leta New York la. Si konseye finansye a twouve ou pa kalifye pou asirans ki pa koute chè, yo pral ede w aplike pou yon rabè. Konseye a pral ede w ranpli tout fòm yo epi li pral fè w konnen ki dokiman ou bezwen pote. Si w pa pale anglè, yon moun pral ede w nan lang ou pale a.

Ki sa m bezwen pou m aplike pou yon rabè?

Konseye finansye a pral ba w yon aplikasyon oswa ou ka enprime youn sou sitwèb nou an. Senpleman ranpli aplikasyon an epi soumèt li nan youn nan lokal konsèy finansye nou yo.

Ki sèvis ki kouvri?

Politik sa a pa kouvri: pwosedi estetik; sèvis ou resevwa nan men doktè ak lòt pwofesyonèl sante ki trete w nan Long Island Community Hospital men ki pa anplwaye lopital la epi ki voye fakti ki separe de lopital la nan klinik prive yo, anestezi, radyològ, enfimyè prive, founisè sèvis anbilatwa, founisè sèvis swen adomisil; pwosedi fakiltatif pou pasyan ki enskri nan plan HMO/asirans komèsyal ki pa gen kontra avèk lopital la; ak frè diskresyonè tankou telefòn, televizyon ak chaj diferansyèl pou chanm prive.